

## Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit nou an pale de kijan pou rezoud ekwasyon. Nou pral repase de (2) metòd pou rezoud ekwasyon nou te etidye nan chapit anvan yo : devinen-tcheke-ak-amelyore epi metòd mach aryè a (rezònman an aryè). Apre nou pral aprann kijan pou nou itilize yon metòd ki pi efikas : kouman pou nou fè menm bagay la nan toude bò ekwasyon an, ki kapab pwobableman metòd ou konnen pi byen an. Men yon egzanp sou kalite pwoblèm nou pral etidye yo.

**Pwoblèm:** Madeline ak Neil kolekte otograf jwè baskètbòl. Madeline gen 9 otograf pi plis pase Neil. Yo gen 31 otograf antou. Konbyen otograf chak moun genyen ?

An nou di  $a$  reprezante kantite otograf Neil genyen yo. Answit, an nou ekri yon ekwasyon ki demontre Madeline ak Neil gen antou 31 otograf konbinen ant yo de :  $a + a + 9 = 31$  oubyen  $2a + 9 = 31$ .

**Vokabilè** Pandan kou yo, nou pral aprann de nouvo tèm sa yo ki nan vokabilè a :

**konjekti**

**modèl**

### Kisa w ka fè lakay ?

Gade pou wè si oumenm ak elèv ou an ka jwenn egzanp ekwasyon nan travay ou oubyen kote nou al vizite. Èske w ka rezoud nenpòt ladan yo ?